ta'lim texnologiyasining imkoniyatlari, maqsadlari, ular bilan ishlash bosqichlari, shuningdek, amaliy tavsiyalar keltirilgan. Muallifning xulosasiga ko'ra, agar o'qitishni tashkil etishning amaliy maqsadi kommunikativ kompetentsiyani takomillashtirish sifatida belgilansa, vaziyatlarning aniq muammolarini hal qilish orqali o'rganishga asoslangan keys texnologiyalarini ishlab chiqish, degan xulosaga keladi.

**РЕЗЮМЕ**. В данной статье описывается важность и использование кейс-метода в процессе обучения иностранному языку с целью развития профессиональной коммуникативной компетентности студентов на занятиях по английскому языку. В статье представлены возможности данной образовательной технологии, цели кейсов, этапы работы с ними, а также практические рекомендации. Автор приходит к выводу, что развитие кейс-технологий, основанных на обучении путем решения конкретных задач ситуаций, будет осуществляться, если определить практическую цель организации обучения как совершенствование коммуникативной компетентности.

**SUMMARY**. This article describes the importance and use of the case method in the process of teaching a foreign language in order to develop the professional communicative competence of students in the EFL classrooms. The article presents the possibilities of this educational technology, the goals of the cases, the stages of working with them, as well as practical recommendations. The author concludes that development of case technologies, based on learning by solving specific problems of situations will be carried out if the practical goal of organizing teaching is defined as improving communicative competence.

## ҮШИНШИ РЕНЕССАНС ШАРАЯТЫНДА «ҮЗЛИКСИЗ РУЎҲЫЙ ТӘРБИЯ» КОНЦЕПЦИЯСЫН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎ МАЗМУНЫ

**М.Қ.Бозорова –** *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Термиз мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** ижтимоийлаштириш, маънавият, уйғониш, маънавият, маънавият.
**Ключевые слова**: социализация, духовность, ренессанс, духовность, духовность.
**Key words:** Socialization, spirituality, renaissance, spirituality, spirituality.

Дүнья тәлим системасында оқыўшы – жаслардың руўҳый – әдеплилик компетентлилигин раўажландырыў методикасы, бәсекеге шыдамлы кадрларды таярлаў методикасы, оқыўшылардың әдеплилик сыпатларын раўажландырыўдың әмелий педагогикалық системасы, оқытыў моделлери технологиялық раўажланыў идеялары менен сәйкеслендирилген интерактив дәстүрлер тәлим процессине енгизилген. Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң "XXI әсирдиң Жоқары билимлендириўи» Пүткил дүнья жүзлик декларациясы, ЮНЕСКОның "Жоқары билимлендириўди реформалаў ҳәм раўажландырыў" дәстүрий ҳүжжетлеринде дүнья жүзиндеги билимлендириў мәкемелеринде тәлим сыпатын асырыўға, модулли тәлимди шөлкемлестириўге, оқытыўдың заманагөй усылларын енгизиў арқалы талаба-жаслардың руўҳый-әдеплилик тәрбия методикасын жәнe де жетилистириўге айрықша итибар берилген. Дүнья тәлим системасындажасларды кәсиплик социалластырыў, руўҳый-әдеплилик компетентлилигин раўажландырыў, социаллық белсендилиги ҳәм инициативлигин тәрбиялаў методикасын жетилистириў бойынша илмий-изертлеў жумыслары алып барылмақта.

АҚШ, Россия, Германия, Франция, Қытай, Корея сыяқлы раўажланған мәмлекетлерде талаба-жаслардың ой-пикирлеўин өсириў, қабилетлерин ерте аныклаў, руўҳый-әдеплилик тәрбия механизмлериниң нәтийжелилигин асырыў методикасын жетилистириўде модул системасында оқытыў, "blended learning " (аралас окытыў), шеберлик сабақлары, вебинарлар шөлкемлестирилмекте.

Жаңа ренессанс шараятында жаслар тәрбиясын заманагөй тийкарда илмий-технологиялық реформалаў барысында алып барылып атырған жумыслар оны бүгинги күн талапларынан келип шыққан ҳалда илмий тийкарланған таяныш компетенциялар, пазийлетлер тийкарында шөлкемлестириўди талап етпекте. Тәрбияға жаңаша, системалы қатнас, балада таяныш пазийлетлерди кепилленген шөлкемлестириўде шаңарақ, мектепке шекемги билимлендириў, орта билимлендириў, орта арнаўлы кәсип-өнер ҳәм жоқары оқыў орынлары, мәҳәллелердиң социаллық-педагогикалық имканиятларын толық жүзеге шығарыўды ҳәм олар ортасында илимий-педагогикалық үзликсизликти жаңа басқышқа көтериўди нәзерде тутады. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 7 -февральдағы ПФ-4947-санлы "Өзбекстан Республикасын жәнеде раўажландырыў бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы туўралы", 2020-жыл 6-ноябрдағяы ПФ-6108-сан "Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын жәнеде раўажландырыў ис илажлары туўралы" пәрманлары, 2018-жыл 14-августтағы ПҚ-3907-Қарарында "Жасларды руўҳый-әдепли ҳәм физикалық жақтан бәркамал етип тәрбиялаў, оларға тәлим-тарбия бериў системасын сыпат тәрепинен жаңа басқышка көтериў ис илажлары туўралы", 2019 -жыл 3 майдағы ПҚ-4307-сан "Руўҳый-ағартыўшылық жумыслардың нәтийжелилигин асырыў бойынша қосымша ис илажлар туўралы", 2021-жыл 26 марттағы ПҚ-5040-санлы "Руўҳый-ағартыўшылық жумыслар системасын түптен жетилистириў туўралы» қарарлары, 2020-жыл 23-сентябрдағы ӨзРН-637-санлы қарары менен тастыйықланған "Тәлим туўралы" Нызам, Министрел Кеңесиниң 2019-жыл 31-декабрдағы 1059-санлы "Үзликсиз руўҳый тәрбия концепциясын тастыйықлаў ҳәм оны әмелге асырыў ис илажлары ҳаққында" Қарары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 28-январдағы ПФ-80-санлы 2022-2026-жылларға мөлшерленген "Жаңа Өзбекстанның раўажланыў стратегиясы" туўралы" Пәрманы ҳәмде усы искерликке тийисли басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерде белгиленген ўазыйпаларды әмелге асырыўға белгили дәрежеде хызмет етеди.

Бүгинги күнде руўҳыйлық мәселеси актуаль машқалалардың бири сыпатында түсинилип, жаслардың мазмунлық жақтан жетик, бәркамал шахс сыпатында камал табыўында тәлим-тәрбия процессин үзликсиз тәризде оқытыў талап етилмекте. Президентимиз Ш.М.Мирзиеев руўҳыйлыққа төмендегише тәрийп береди: "Жаңа Өзбекстанды пайда етиўдиң тийкарларының бири-күшли руўҳыйлық болып табылады. Егер кимдир, руўҳыйлық мәселеси – бул тек ғана мәкемелер яки Руўҳыйлық орайлары ямаса тийисли министрликлер ҳәм мәкемелердиң жумысы деп ойласа

қәтелеседи. Олардың барлығы алдымызда турған ең әҳмийетли ўазыйпалардың бири болып табылады".

**Изертлеў мақсети:** Жаңа ренессанс шараятында руўҳыйлық-әдеплилик тәрбия мазмунын жетилистириўден ибарат.

**Изертлеў ўазыйпалары сыпатында:**

- Жаңа ренессанс шараятында жәмийет ағзаларының руўҳый-әдеплилик тәрбиясы мазмунындағы өзгеримлерди илмий-методикалық жақтан үйрениў;

-Жәмийет ағзаларының руўҳый-әдеплилик тәрбиясы мазмунының өзгериўине себеп болатуғын факторларды анықлаў тийкарынла усы процессте жүзеге келетуғын машқалаларды жоқ етиўдиң нәтийжели қуралларын анықластырыў;

Руўҳый – әдеплилик тәрбия, оның мазмуны ҳәм тийкары ҳаққында әййемги заманнан ҳәзирги дәўирге шекемги ойшыллар, данышпанлар, философлар түрли қатнаслар менен өз пикирлерин билдирип келмекте.

Фарабийдиң пикиринше, "инсан билимли ҳәм үлгили әдеп ийеси болғанында ғана унамлы қәсийетлери менен ҳаммеге өрнек бола алады. Руўҳыйлық тәрбиясы болса, жәмийеттиң руўҳый өмириндеги әҳмийетли социаллық ҳәдийсе болып, әдеплилик-мораллық системасын, мораллық пазыйлетлерди заман талаплары тийкарында ҳәр бир әўлад санасына сиңдириў формасы болып, өсип киятырған жас әўладта минез-қулық нормаларына сәйкес келетуғын, заман талапларына беретуғын инсаний сыпатларды қәлиплестириўге қаратылған илимий ҳәм әмелий ҳәрекетлер системасы түсиниледи"[9; 56]. Ойшыл Воиз Кошифий болса, инсанның қәдири оның дүнья-мүлки яки келип шығыўы менен емес, бәлким оның руўҳый келбети, әдеплилик сыпатлары менен өлшенеди, деп белгилейди.

Ағартыўшы алым А.Авланий төмендегише тарийп берген: «инсанларды жақсылыққа шақырыўшы, жаманлықтан қайтарыўшы бир илим. Жақсы қылықлардың жақсылығын, жаман қылықлардың жаманлығын дәлийл ҳәм мысаллар менен баян етиўши китапты әдеплилик деп атайды.Өз айыбын билип, оны дүзетиўге ҳәрекет етиўши адам шын анисинде батыр ҳәм палўан инсандур"[5; 5]. Себеби, инсанның руўҳый ҳәм физикалық жақтан жетискенлигиниң өлшеми әдеп ҳәм әдеплилик өлшемлери болып, оның қатнасысыз руўҳый кәмилликке ерисип болмайды. Соның ушын да руўҳый-әдеплилик тәрбияда үзликсизлик, байланыслылық диалектикалық характерге ийе болып, инсанның руўҳый-әдеплилигин қәлиплесиўинде әҳмийетли саналады.

Мәнаўият ҳәм әдеплилик өз гезегинде тәрбия процессин нәтийжели шөлкемлестириўди нәзерде тутады. «Мәнаўият» араб тилинен «мәнилер топламы» - адамлардың философиялық, ҳуқықый, илимий, коркем, әдеплилик, диний елеслери ҳәм түсиниклери топламы" болып табылады.

Жокарыдағы тәрийлерди улыўмаластырып, биз руухый тәрбияға төмендегише тәрийп бере аламыз: руухый тарбия- бул универсал тәрбиядур, себеби руўхыйлық өз қурамына тәрбияның барлық түрлерин қамтыйды. Буннан көринип турыпты, реформалардың биринши баскышында миллий руўҳыйлықты жетилистириў жолында тутылған мақсет толық әмелге асырылады ҳәм екинши басқышта әмелге асырылыўы тийис болған ўазыйпаларға негиз таярлайды.

Руўҳый тәрбия системасында руўҳый-әдеплилик сезимлер инсан тәрепинен оның ўақыя-ҳәдийселер, адамлар ҳәмде өз минез – қулқына байланыслы сезимлерди пайда етиўге тилек пайда етиўши тәрбиялық ислер системалы шөлкемлестирилгенинде ғана нәтийжели болады. Бул системада минез-қулықты тәрбиялық жумыслар қәлиплестиреди. Сол ушын, руўҳый-әдеплилик пенен байланыслы болған қәсийетлерди қәлиплестириўге шақырыўшы тилек пайда етиўши ғана искерлик тийкарғы есапланады. Руўҳыйлық инсанның философиялық-ҳуқықый, диний-этикалық елеслерин сәўлелендириўши руўҳый дерек есапланады. Усыған тийкарланып, ол адамларды бир-бирине жакынластыратуғын ҳәм олардың бирлесиўине ерисиўге жардем беретуғын, биргелисўдиң жаңа тәреплерин ашыўшы байлық болып табылады.

Руўҳыйлық тарийхымыз, қәдириятларымыз тийкарын қәлиплестирип жасларды мәдений байлықларға хүрмет-итибар ҳәм оларды жәнеде раўажландырыў, келешекте экономикалық раўажланыў күшли мәмлекетти қурыўға ийтермелеп, заманагөй билимлерди, жоқары тәжирийбелерди ийелеўге шақырады. Руўҳыйлық түсинигине Өзбекстан Республикасының биринши Президенти И.А.Каримов төмендегише тәрийп берген: "Руўҳыйлық -инсанды руўҳый пәклениўге, қәлбиниң ояныўына шақырады, инсанның ишки дүьясын, ийманын ҳәм исенимлеринпүтин қылатуғын, ҳүжданын оятыўшы күш. Инсанның бәрше көз-қарасларының өлшеми"[7; 22]. Инсан мәнаўиятының мәнияси бири-бири менен тығыз байланысқан руўҳый-әдеплилик, илмий-әмелий, мафкуралық пазыйлетлердиң пүтин системасы екенлигин умытпаўымыз тийис. Мәнаўий тәрбия ҳаққында сөз еткенимизде, әдеп түсинигине айрықша дыққат аўдарыўфымыз керек. "Мәнаўият – инсанның мәлим дәрежедеги физикалық, ақылый ҳәм руўҳый жетилисиўи ҳәм дүньяқарасларын белгилеўши түсиник".

Заманласымыз, философ А.Эркаевтың айтыўынша, "мәнаўият – инсанның социаллық-мәдений барлық сыпатындағы мазмунудур, яғный инсанның меҳир-мириўбети, әдиллик, туўрылыў, ҳүждан, ар-намыс, ўатанпәрўарлық, гөззаллықты сүйиў, заўықланыў, жаўызлыққа жеркениш, шыдамлылық, батырлық сыяқлы ҳасыл инсаний қәсийетлер менен пазыйлетлердиң бирлиги, улыўмалығын пайда етиўши комплекс болып табылады"[11; 22]. Тарийхқа нәзер тасласақ, бизиң ата-бабаларымыз мың жыллар алдын өзлериниң тарийхый тарийхый естеликлеринде, уллы ойшылларымыздың илимий мийнетлеринде тәлим-тәрбия ҳаққындағы педагогикалық тәлийматларын ушыратамыз. Бул тәлийматларда мәнаўий кәмиллик ҳәм тәрбия ҳаққында айрықша соз етилген. Дәслеп, халқымыздың ең әййемги жазба естелиги "Авесто"ға дыққат аўдарғанымызда, инсан әдеби, мәнаўияты төмендеги «үшлик»те сәўлелениўин тапқан. (1-сүўрет):

**1-сүўрет**. "Авесто"ның мәнаўий-әдеплилик үшлиги.

| GUMATA (ЖАКСЫ ПИКИР) | GUGTA (ЖАҚСЫ СӨЗ) | GVARSHTA (ЖАҚСЫ ИС) |
|---|---|---|
| жақын адамларға меҳрибанлық қылыў, зәрүрлик ҳәм кәўип-қәтерде қалғанда жәрдем бериўге таярлық, адамлардың бахты ушын гүреске таяр болыў,ҳәмме менен татыў жасаў ҳәм т.б. | – өз ўәдесинде турыў, сөзиниң үстинен шығыў, саўда-сатық ислеринде ҳадал болыў, қарызларды өз ўақтында төлеў,урлық ҳәм талан-таражлық қылмаў,бузықлықтан өзин тыйыў ҳәм т.б. | – инсанның өз ҳәрекет-леринде жақсы пикир ҳәм жақсы сөзлерде алға сүрилген унамлы жол-жобадан өзгермей әмел қылыў ҳәм т.б. |

Дыққат аўдарың, арадан мың жыллар өткен болсада, бүгинги күнге шекем бул тәлиймат мәниси бүгинги күн талабында да өз әҳмийетин жойытпаған. "Авесто"дағы үшликтиң ҳақыйқый дереклерине итибар қаратылатуғын болса, олар әййемги дәўир адамларының әдеплилик түсиниклерине толығы менен муўапық келеди. Бул мәнаўий-әдеплилик үшлик идеясы ең әййемги дәўирлерден баслап инсаният жәмийетшилигиниң кейинги басқышларында жаратылған бәрше ағартыўшылық мийнетлерин мазмунының қәлиплесиўине тийкар болған. Себеби, онда инсанның инсан сыпатындағы мәнаўий ҳәм материаллық жақтан камал табыўы ушын зәрүр болған белгили талаплар өз сәўлелениуин таўып, өмир кодекси

сыпатында тек ғана Шығыс емес, бәлким Батыс халықларының да әҳийетли мәнаўий мийрасы болып қалды. Мийнетте сәўлеленген мәселелер социаллық турмыстың барлық тәреплерин қамтып алғанлығы Зароcтризм идеяларының теориялық ҳәм әмелий әҳмийети асып, оның баҳасы бүгинги күни де жоқары болыўына алып келген. Зароастризм тәлийматының әдеплилик жоллары бойынша, инсан тәрепинен өз ўазыйпапларын түсиниўдиң биринши белгиси мәнаўий пәклик саналған.

Илим-пәнниң рауажланыўы әдеплилик камаллыққа жетисиўде де үлкен әҳмийетке ийе болады. Сол себепли "Қураны Карим"де қулық-әдеплилик қағыйдалары топламының жаратылыўына тийкарғы итибар каратылады. Белгили шахстың, жәмийеттиң гүллениўинде әдеплиликтиң өзине тийисли орны сыпатланады. Себеби, өзи жасап турған жәмийеттиң ағзасы болған ҳәр бир адамның әдепсизлиги жәмийетке сезилерли дәрежеде унамсыз тәсир жасаса, әдепли адамлар оның гүллеп-раўажланыўына мүнәсип үлес қосады. Ислам тәлийматында алға сүрилген идеялардың бири ҳәм оның ең тийкарғы қураўшы бөлеклериниң бири пәкликке ҳәм тазалыққа бойсыныў болып табылады. Жуўмақластырып айтқанда, Ислам ҳәм оның тийкарғы тәлийматы сәўлеленген Қураны Каримде инсанда ақылый, әдеплилик ҳәм физикалық қасийетлерди қәлиплестириў, бир сөз бенен айтқанда, кәмил инсанды тәрбиялаўда әҳмийетли дерек болып хызмет етеди

Биринши ҳәм екинши Ренессанс ўәкиллери деп аталыўшы, Шығыс ояныў дәўириниң жетик ағзалары есапланған ойшылларымыз өзлериниң бай илимий мийрасларында тәлим-тәрбия бериўдиң жол-жобалары, мәнаўий тәрбияны қәлиплестириў усыллары ҳаққында қымбатлы мағлыўматларды жазып қалдырған. Олардың тәлийматларында мәнауий тәрбия өлшемлери, белгилери ҳаққында пикир жүритиледи. Бул мағлыўматларды улыўмаластырған ҳалда төмендегише таблица арқалы мәнаўйи тәрбияның өлшемлери көрсетиледи (1-таблица):

**1-кесте** Ойшыллар келтирген мәнаўий тәрбия индикаторлары

| **ОЙШЫЛЛАР КЕЛТИРГЕН МӘНАЎИЙ -ТӘРБИЯ ИНДИКАТОРЛАРЫ** | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Абу Наср Фарабий** | ағартыўшылық, кемтарлық | даналықбилимданлық | Ойшыллы болыў | ҳүжданлылық, тәрбиялылық | Мәнаўий шоққыларға умтылыў | Көпшилик мәплерин жоқары қойыў | Ҳақыйқат, әдиллик |
| **Абу Али ибн Сина** | Ҳүрмет ҳәм сыйласық, қатаңлылық | Ҳақ кеўиллилик, сақыйлық, әдиллик | Әдеплилик кәмиллиги,ағартыўшылық | қанаат, шыдамлылық, мәртлик | уялшаңлық, умтылыў | даналық, кемтарлық, зийреклик | ехтиёткорлик, ышқы-муҳаббат |
| **Абу Райҳон Беруний** | Әдеплилик, пәклик, кемтарлық | туўрылық , әдиллик | Гөззаллық ҳәм нәзиклик | Ҳүжданлылық, сақаўат | дослық, бирге ислесиў | илим-ағартыўшылық | мийнет ҳәм өнер ийелеў |
| **Кайковус** | шешенлик | достлық | әжайыплық | Мәртлик | Кемтарлық | Дыққат пенен тыңлаў | Жақсы карым-қатнас |
| **Муҳаммад Қошғарий** | Жақсы карым-қатнас | Әдеплилик | билимлилик | Өнер үйрениў | Билим-лилик | Кемтарлық | Мийманд ослық |
| **Жалолиддин Давоний** | зийреклилик | Ақыллылық | батырлық | даналық | Пәклик, әдиллик | Дыққатлылық | Зейин айдынлығы |
| **Алишер Навоий** | Муҳаббат | опалылық | Гөззаллыққа умтылыў | Әдеплилик мәртлиги | Ҳүжданлы-лық | Әдепли-лик | Кәмилликке умтылыў |
| **Абдулла Авлоний** | Ўатанды сүйиў, ҳақыйқат-лық | Жигерлилик, растгөйлик, диёнат, кеңпейиллик | интизам,бойсыныў, әдиллик, әпиў етпек | пәклик, уят, нәзиклик, садықлық | қыйыншылық,сабыр-қанаат | Ҳүждан, ҳақыйқат-лық | Ойлылық, ақыл, үлги, кеўил |
| **Хожа Самандар Термизий** | Ўатанды сүйиў, оны қорғаў ушын жан пидә етиў | Мәртлик, сабыр-тақат, әдиллик, жумсақ тәбиятлылық | Дана адамлар менен пикирлесиў арқалы акылды байытыў | Патшаның жақсы қатнасынан пайдаланбаў | Ойлап сөйлеў, душпанның сөзине исенбеў | мәртлик, мәнаўий пәклик, ҳадаллық | беккемлик дослық,жақсы дослар ушын жанын пидә етиў |
| **Жалолиддин Румий** | ийман, сабыр-беккемлилик, ар-намыслылық | баўрыкеңлик, жақсы карым-қатнаслылық, әдиллик, сақыйлық | Қәлип пәклиги, ақыл менен ис тутыў, меҳир-опалық | гөззал әдеп, өз-өзин аңлаў, өз-ара ҳүрмет | Ҳүжданлы-лық, акылдың беккемлиги | Тәртип, садықлық, әдеплилик, нәзилик | әпиўайылық, ҳүрмет көрсетиў, шынлық |
| **Абдураҳмон Жомий** | Батырлық, пәклик | тырысқақлық | Садықлық, опалық | бойсыныўшылық | Меҳирбанлылық | дослық | Аманатлық, мийнет сүйиўшилик |

Бунда ойшыл алымлардың педагогикалық көз-қарасларында мәнаўий-әдеплилик тәрбия өлшемлерин көриўимиз мүмкин. Олар көрсетип өткен бир неше мәнаўий-әдеплилик компетенциялар бири-бирине

уқсайды. Базыларында жаңа пазыйлетлерди де ушыра-ушыратыў мүмкин. Буннан көринип турыпты, мәнаўий-әдеплилик тәрбия өлшемлери бир неше әсирлер алдын да инсанлар тәрепинен усы пазыйлетлердиң қәлиплесиўи менен өлшенеди. Бул болса бүгинги күнге келип те өз бахалылығына ийе екенлигин көрсетеди. Инсанлар тәрепинен келтирилетуғын әдеплилик категориялары ҳәр бир жәмийет ағзасының мәнаўий жетиклиги ушын қылынатуғын ҳәрекетлер көлеми менен баҳаланады. Ҳәзирги күнге шекем алып барылып атырған реформалар тийкарында кәмил инсанды қәлиплестириў мәселеси актуал әҳмийетке ийе екенлигин көрсетеди. Бул өлшемлерди қәлиплестириў усыллары арқалы биз жәмийетимизге «шырайлы минез қулық“” – “мәнаўий жетик ” инсан келбетин пайда етип барамыз.

Жаңа реформалар әмелге асырылып раўажланып атырған бир дәўирде мәмлекетимиз бойлап тәлим-тәрбия тараўына қаратылып атырқкан итибарды айрықша атап өтиў мүмкин. Тәрбия ҳәм тәлимди бир-биринене бөлеклеп болмайды, бул еки процесс өз-ара байланыслы, үзликсиз тийкарда шөлкемлестирилгенде әдепли, әдеплилик пазыйлетлерге ийе, жоқары мәнаўиятли, соның менен бирге билимли, зийрек, руўҳый ҳәм физикалық жақтан саў, кең дүнья қарас ҳәм санаға ийе, заманагөй кәсип-өнер ийеси болған ўатанпәрўар жасларды жетилистирип береди. Бизиң ертеңги келешегимиз қурыўшылшары болған жасларға билим, көнликпе ҳәм малакаларды ийелеўге теориялық ҳәм әмелий көмеклесиў ертеңги жәнеде пәраўан жасаўымыз ушын үлкен мүмкиншиликлерди таярлайды. Биз жаңа Өзбекстанда жаңа идеялар ҳәм режелер менен биргеликте қәдем коймақтамыз. Бул тез қәдемлеримиз жақын келешекте өзиниң перспективалық нәтийжелерин көрсетеди. Жәмийетимиздеги кең көлемли реформаларда ҳәм өзиниң нәтийжесин көрсетпекте. Министрлер Кеңесиниң 2019 жыл 31-декабрьдеги 1059-санлы “Үзликсиз мәнаўий тәрбия Концепциясын тастыйықлаў ҳәм әмелге асырыў ис илажлары туўралы ”Қарарына муўапық Үзликсиз мәнаўий тәрбия Консцепциясын әмелге асырыў ис-илажларының тийкарғы бағдарлары белгиленген. Концепцияның мақсети – жас әўладта өз бетинше ҳәм бахытлы өмир ушын зәрүр социаллық көнликпе ҳәм пазыйлетлерди жасына сәйкес, басқышпа-басқыш қәлиплестириўден ибарат. Бул мақсетке ерисиў, оны әмелге асырыў ушын төмендегише ўазыйпалары әмелге асырыў талап етиледи:[2]

Оған сәйкес, әсиресе жаслар тәрбиясы менен байланыслы ўазыйпаларды нәтийжели әмелге асрырыў, оларды тыныш өмир ушын ең зәрүр таяныш компетенциялар менен тәмийнлеў; мәнаўий тәрбияны баҳалаўдың илимий тийкарланған индикаторларын ислеп шығыў, тәрбия процессинде үзликсизлик, байланыслылық себеплерине таянған ҳалда ең әўеле, ананың ҳәмледарлық дәўирин дурыс режелестириў, гөдеклер ҳәм балаларды мәнаўий тәрбиялаў, ҳәмледарлық дәўиринен баслап 30 жасқа шекем даўам етиўши үзликсиз мәнаўий тәрбияны әмелге асрыўда ата-ана, тәрбияшы, оқытыўшы, үзликсиз билимлендириў мәкемелери ҳәм мәҳәлле жәмәәтшилигиниң өз-ара нәтийжели бирге ислесиў механизмин ислеп шығыў ҳәм турмысқка енгизиў бойынша тийкарғы бағдарларды белгилеў сыяқлы тийкарғы бағдарлар көрсетилген. Концепцияда белгилениўинше, оқыўшыларда балалаықтан баслап төмендегише мәнаўий-әдеплилик пазийлетлерди қәлиплестириўимиз тийис:

Мәнаўий тәрбия – мәнаўий сананы бир мақсетке бағдарлап қәлиплестириў, әдеплилик туйғыларын раўажландырыў ҳәмде минез-қулық көнликпелерин ҳәм әдетлерди пайда етиўден ибарат. Мәнаўий-әдеплилик тәрбияның мақсети жәмийет талапларына байланыслы болып, бул талаплар өз гезегинде ислеп шығарыўшы күшлердиң раўажланыў дәрежеси ҳәм жәмийетте жасларға билим бериў ҳәм тәрбиялаў ислериниң барлығы жас әўладқа мәнаўий-әдеплилиқ ҳәм исенимлиликти қәлиплестириўге, оларды Ўатанға шексиз садықлық руўҳында тәрбиялаўға хызмет етиўи лазым.

Билим бериў ушын ең дәслеп билим бериўшиде пухта билим, жоқары квалификация, кәсиплик ҳәм турмыслық тәжирийбеге ийе болған шеберлилик ҳәм компетентлилик болыўыя лазым. Муғаллим оқыўшыларды тәрбиялаўда төмендегилерди есапқа алыўы керек:

■ Тәрбиянның оқыўшылар руўҳияты ҳәм жас өзгешеликлериниң бири-бирине сәйкеслигин есапқа алыў;

■ Оқыўшылардың ақылый-мәнаўий мүнәсийбетлери тәсирин үйрениў;

■ Муғаллим-тәрбияшының маўатлылық дәрежеси, усталығы ҳәм шеберлиги;

Жуўмақластырып айтқанда, мәмлекетимизде Үзликсиз мәнаўий тәрбия концепциясы ҳәр бир жәмийет ағзасының жаслар тарбиясындағы дәстүри сыпатында ҳәрекетте болып табылады. Жоқары дәрежедеги мәнаўиятқа ийе инсан – пидайылылық, батырлық, мәртлик, өз халқын сүйиў, Ўатанды қәдирлеў, ата-бабалар менен мақтаныш етиў сыяқлы жақсы пазыйлетлери менен ажыралып турады. Инсанның инсаныйлығы биринши гезекте, оның мәнаўий-әдеплилик тәрептен кәмиллиги, пәклиги менен белгиленеди. Мәнаўий-әдеплик кәмилликтиң тийкарғы тәреплерине жоқарыда келтирилгенлерден келип шығып, төмендегилерди киритиў мүмкин: ата-анасы, перзентлери, қоңсы-қобалары, мәҳеллелеслер, аўылласлары ҳәм пүткил мәмлекет халқының пәраўанлығы ҳаққында қайғырыў; дөгеректеги инсанлар ушын оған зәрүр болғанындай өзи ҳәм оларға керекли болыўға умтылыў; әдеп-икрамлы, минез-қулқын жағымлы қылыўды инсаный бурыш деп есаплаў; әййемнен, ата-бабалардан естелик болып киятырған мәдений мийрас қәдирлеў; миллий қәдириятларды қәстерлеў ҳәм оларға садық болып қалыў, ўатанпәрўарлық, халық сүйиўшилик, инсанпәрўарлық туйғыларының барқарар болыўы; өз-ара қарым-қатнаста өрнек болыўға ҳәрекет етиў, биреўдиң дәртин жеңиллетиў; Ўатанды қорғаў; ўәдеге опадар болыў сыяқлы пазыйлетлерди Өзбекстан билимлендириў системасы ҳәм социаллық институтларында тийкарғы ўазыйпа екенлиги, бул ўазыйпаны әмелге асырыўда жуўапкершилиек ҳәр биримизге тийисли түсиник екенлигин аңлаўымыз шәрт ҳәм зәрүр.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017-йил 7-февралдаги “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида”ги 4947-сон Фармони. // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 6-сон. 70-модда.
2. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2019-йил 31-декабрдаги “Узлуксиз маънавий тарбия консепсиясини тасдиқлаш ва уни амалга ошириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 1059-сон Қарори 1-иловаси. // Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 03.01.2020 й., 09/20/1059/4265-сон

3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2020-йил 6-ноябрдаги "Ўзбекистоннинг янги тараққиёт даврида таълим-тарбия ва илм-фан соҳаларини янада ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисида"ги ПФ-6108-сон Фармони // Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 07.11.2020 й., 06/20/6108/1483-сон.
4. Ўзбекистон Республикаси Таълим тўғрисидаги Қонуни. 2020-йил 23-сентабр, ЎРҚ-637-сон (Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 24.09.2020-й., 03/20/637/1313-сон)
5. Абдулла Авлоний "Туркий гулистон ёхуд ахлоқ". Ёшлар нашриёт уйи. -Т.: 2019, 5-б.
6. Жўрайев Н. "Авесто". Ғ.Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи. Т.: 2015, 12-б.
7. Каримов И.А. "Юксак маънавият – енгилмас куч". -Т.: "Маънавият" нашриёти. 2008, 25-б.
8. Қуронов М. Миллий тарбия. – Тошкент: «Маънавият», 2007. 240-б.
9. Шеров А, Холбеков. А, Ғаффорова.М: Маънавият асосий тушунчалар луғати. -Т.: 2009, 60-б.
10. Фролова И.Т. Философский словарь. под ред. 6-э изд. - М.: «Политиздат», 1991, –С. 559.
11. Эркайев А. "Маънавият – миллат нишони". -Т.: "Маънавият". 1997, 27-б.
12. www.президент.уз
13. www.лех.уз
14. www.тдпу.уз
15. www.зиёнет.уз
16. www.еду.уз

**РЕЗЮМЕ**. Ушбу маколада учинчи ренессанс шароитида "Узлуксиз маънавий тарбия" Концепсиясини амалга ошириш мазмуни, Янги ренессанс шароитида ёшлар тарбиясини замонавий асосда илмий-технологик ислоҳ қилиш борасида олиб борилаётган ишлар уни бугунги кун эҳтиёжларидан келиб чиққан ҳолда илмий асосланган таянч компетенциялархакида берилган.

**РЕЗЮМЕ**. В данной статье расматривается реализации концепции «Непрерывное духовное образование» в условиях третьего ренессанса, проводимая работа по научно-технической реформе образования молодежи в условиях нового ренессанса на современном основе, исходя из потребностей сегодняшнего дня, представлен в виде научно обоснованных базовых компетенций.

**SUMMARY.** This article deals with the implementation of the concept of "Continuing spiritual education" in the conditions of the third renaissance, the ongoing work on the scientific and technical reform of youth education in the conditions of the new renaissance on a modern basis, based on the needs of today, is presented in the form of evidence-based basic competencies.

## TEACHING ENGLISH FOR YOUNG LEARNERS USING A TOTAL PHYSICAL RESPONSE (TPR) METHOD

**A.Bisenova** – *assistant teacher*
*Nukus state pedagogical institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** Ingliz tilini o'rgatish, boshlang'ich sinf o'quvchilari, umumiy jismoniy reaktsiya (TPR), dizayn usuli.
**Ключевые слова**: обучение английскому языку, младшие школьники, общая физическая реакция (TPR), дизайнерский метод.
**Key words:** Teaching English, young learners, total Physical response (TPR), the designer method.

Choosing a learning technique or approach that matches students' needs is very helpful in teaching English. Teacher should apply the interesting methods in the classroom, so that the students can understand well and faster about what they are learning. According to Cameron, teaching language for young learners must take into account all skills such as handling and holding children at work, as well as having language expertise like language teaching and language learning. Teachers teaching English for children should apply a suitable method or approach relating to their development. One method which can be used in learning for young learners is Total Physical Response (TPR) [3:159]

This method is really good for teaching young learner because they will not feel under pressure but feeling happy to learn new English vocabularies that they never heard before or listened to the English Language which they do not use for communication in daily life with their families, relatives, and also people around them. It is different when teaching young learner using Indonesian or using their mother tongue which is they use every day; it is easier than transferring new knowledge from English materials to them. In this method, basically, the instructor gives commands in the target language, demonstrates the corresponding action, and directs the student to perform the same action. Young learners respond the commands through physical movement. Total Physical Response (TPR) method is a "natural method" in a sense that second language learner follows the naturalistic process of first language learning. According to Asher there are three processes as central to natural process of language acquisition:

1. Children develop listening competence before they develop the ability to speak at the early stage of first language acquisition. They can understand complex utterances that they cannot spontaneously produce or imitate.

2. Children's ability in listening comprehension is acquired because children are acquired to respond physically to spoken language in the form of parental commands.

3. Once a foundation in listening comprehension has been established, speech evolves naturally and effortlessly out of it [1:554].

To successfully in English teaching for Elementary schools, teaching material and methods should be suited. For this reason, one method considered one of the efforts to English teaching for children should be introduced. Before discussing this method in detail, this article starts with describing characteristics of young learner.

Total Physical Response (TPR) is a language teaching method proposed by Dr. James J Asher, a professor of psychology at San Jose State University, California. According to Asher, TPR is based on the premise that the human brain has a biological program for acquiring any natural language in the world. The acquisition process is visible when we observe how children acquire their mother tongue. Communication between parents and children combines both verbal and physical aspects. Children respond physically to their parents' speech. The responses are in turn positively reinforced by the parents' speech. For months children absorb the language without being able to speak; this is a period of internalization and code breaking. After this stage children are able to reproduce the language